KÒMANSMAN SÈVIS

PATI I **KONSANTMAN RELASYON ANT KLIYAN AK PWOFESYONÈL SWEN SANTE A**

Non Kliyan an: _____

Non Ajans lan: _____

Adrès Ajans lan: _____

Mwen bay konsantman m pou antre nan yon relasyon ant kliyan ak founisè. Mwen otorize pèsonèl Depatman Sante a ak reprezantan l yo pou yo bay swen sante woutin. Mwen konprann swen sante woutin nan konfidansyèl epi se si mwen vle m ap resevwa l, epi li ka gen vizit medikal tankou pou jwenn dosye medikal, evalyasyon, egzamen, bay medikaman, tès laboratwa ak/oswa ti pwosedi piti. Mwen ka sispann relasyon sa a nenpòt lè. _____Lè mwen mete inisyal mwen sou liy sa a, mwen rekonèt yo te ban mwen yon Fich Enfòmasyon sou Konsantman Eklere Telesante mwen bay konsantman mwen pou yo banm kèk sèvis pa mwayen telesante. Mwen kapab anile konsantman mwen an nenpòt moman pou yo sispann sèvis telesante yo san sa pa afekte dwa mwen genyen pou benefisye swen oswa tretman alavni.

PATI II **KONSANTMAN POU PATAJE ENFÒMASYON** (tretman, peman oswa operasyon swen sante sèlman)

Mwen dakò pou yo itilize ak pataje enfòmasyon sou sante mwen; ki gen ladan swen medikal, swen pou dan, VIH / SIDA, MST, TB, prevansyon konsomasyon sibstans, sikyatrik / sikolojik, ak jesyon dosye; pou tretman, peman ak operasyon swen sante. Anplis, mwen bay konsantman mwen pou yo pataje enfòmasyon sou sante mwen nan Echanj Enfòmasyon sou Sante (Health Information Exchange, HIE) lan, ki bay biwo doktè k ap fè tretman, lopital, kowòdonatè swen yo, laboratwa, sant radyografi yo, ansanm ak lò pwofesyonèl swen sante yo aksè pa mwayen ki gen sekirite epi anliy. Si ou pa chwazi pataje enfòmasyon ou yo nan HIE an, ou kapab dezenskri lè w fè demann epi siyen yon fòm Dezenskripsyon HIE an.

PATI III **SÈTIFIKA PASYAN MEDICARE, OTORIZASYON POU PATAJE ENFÒMASYON, AK DEMANN POU PEMAN** (Aplike sèlman pou Kliyan Medicare yo)

Kòm Kliyan/ Reprezantan ki siyen anba a, mwen sètifye enfòmasyon mwen bay nan aplikasyon pou peman daprè Tit XVIII Lwa Sekirite Sosyal la kòrèk. Mwen otorize ajans ki endike anwo a pou pataje enfòmasyon sou sante mwen bay Administrasyon Sekirite Sosyal la oswa entèmedyè/founisè sèvis li yo pou reklamasyon Medicare sa a oswa yon lòt ki gen rapò ak li. Mwen mande pou peye avantaj otorize yo pou mwen. Mwen transfere avantaj pou peye sèvis doktè bay ajans ki site pi wo a epi otorize li soumèt yon demann pou peye bay Medicare.

PATI IV **TRANSFÈ AVANTAJ** (Aplike sèlman pou Antite Peman Endepandan)

Kòm Kliyan/ Reprezantan ki siyen anba a, mwen bay ajans ki endike anwo a tout avantaj yo bay nan nenpòt plan swen sante oswa politik depans medikal. Montan avantaj sa yo pa dwe depase chaj depans medikal ki etabli nan tablo frè ki apwouve a. Tout peman dapre paragraf sa a dwe fèt pou ajans ki pi wo a. Mwen pèsonèlman responsab pou depans ki pa fè pati otorizasyon sa a.

PATI V **REKOUVREMAN, ITILIZE, OSWA BAY NIMEWO SEKIRITE SOSYAL**

(Nou bay avi sa a dapre Seksyon 119.071 (5) (a), Lwa Florida yo.)

Pou pwogram swen sante yo, Depatman Sante Florida a ka pran nimewo sekirite sosyal ou pou idantifikasyon ak pou faktirasyon, jan sa otorize nan souseksyon 119.071 (5) (a) 2.a. ak 119.071 (5) (a) 6, Lwa Florida yo. Depi mwen siyen anba a, mwen dakò pou yo kolekte, itilize oswa bay nimewo sekirite sosyal mwen pou rezon idantifikasyon ak faktirasyon sèlman. Yo pa pral itilize l pou okenn lòt rezon. Mwen konprann se yon obligasyon pou Depatman Sante Florida a kolekte nimewo sekirite sosyal yo pou li akonpli tach ak asime responsabilite lalwa ba li.

PATI VI **SIYATI MWEN ANBA LA A KONFIME ENFÒMASYON KI ANWO YO EPI LI DI MWEN TE RESEVWA AVI KONSÈNAN DWA KONFIDANSYALITE YO**

Siyati Kliyan/Reprezantan an	Relasyon Mwen oswa Reprezantan an genyen ak Kliyan an	Dat
Temwen (fakiltatif)	Dat	

PATI VII **ANILASYON KONSANTMAN AN**

Mwen, _____ ANILE KONSANTMAN SA A, apati _____

Siyati Kliyan/Reprezantan an — Dat